EVHANGERI YAKANYORWA
# NAJOHWANI

*Jesu ndiye Shoko*

1 Pakutanga wakange aripo Shoko, uye Shoko wakange ana Mwari, uye Shoko
wakange ari Mwari. 2 Iye uyu wakange ana Mwari pakutanga. 3 Zvinhu zvese
zvakaitwa naye, uye kunze kwake hakuna kuitwa chinhu chimwe chakaitwa.
4 Maari maiva neupenyu, uye upenyu hwaiva chiedza chevanhu, 5 uye chiedza
chinovhenekera murima, asi rima harina kuchigamuchira.
6 Kwakauya munhu wakatumwa kubva kuna Mwari, zita rake riri Johwani.
7 Iye wakauyira uchapupu, kuti apupure zvechiedza, kuti vese vatende naye. 8 Iye
wakange asiri icho chiedza, asi wakatumwa kuti apupure pamusoro pechiedza.
9 Chaiva chiedza chechokwadi, chinovhenekera munhu umwe neumwe
anouya panyika. 10 Wakange ari munyika, nenyika yakaitwa naye, asi nyika
haina kumuziva. 11 Wakauya kune zvake, asi vake havana kumugamuchira.
12 Asi vese vakamugamuchira, wakavapa kodzero kuti vave vana vaMwari, ivo
vanotenda kuzita rake; 13 vakaberekwa kwete neropa, kana nechido chenyama,
kana nechido chemurume, asi naMwari.
14 Shoko ndokuzova nyama, akagara pakati pedu, uye takaona kubwinya
kwake, kubwinya sekwewakaberekwa umwe ega waBaba, azere nenyasha
nechokwadi. 15 Johwani wakapupura pamusoro pake, akadanidzira achiti: Uyu
ndiye wandaireva ndichiti: Uyu anouya shure kwangu wakanditangira; nokuti
wakange aripo mberi kwangu. 16 Nepakuzara kwake isu tese takagamuchira, uye
nyasha nenyasha. 17 Nokuti murairo wakapiwa naMozisi, nyasha nechokwadi
zvakauya naJesu Kristu. 18 Hakuna wakatongoona Mwari; Mwanakomana
wakaberekwa umwe ega, ari pachifuva chaBaba, ndiye wakamuzivisa.

*Uchapupu hwaJohwani Mubhabhatidzi*

19 Uye uhu ndihwo uchapupu hwaJohwani, apo VaJudha vakatuma vapristi
neVaRevhi kubva kuJerusarema kuti vanomubvunza kuti: Iwe ndiwe ani?
20 Akabvuma, uye haana kuramba; ndokubvuma achiti: Ini handisi Kristu.
21 Zvino vakamubvunza vachiti: Saka kudini? Iwe uri Erija here? Akati: Handisi.
Iwe uri uya muporofita here? Akapindura akati: Kwete. 22 Naizvozvo vakati
kwaari: Ndiwe ani? Kuti tipe mhinduro vatituma; unoti kudini pamusoro pako?
23 Akati: Ini ndini inzwi reanodanidzira murenje: Ruramisai nzira yaIshe;
sezvakareva Isaya muporofita.
24 Ava vakange vatumwa vaibva kuVaFarisi. 25 Zvino vakamubvunza, vakati
kwaari: Unogobhabhatidzirei, kana iwe usiri Kristu, kana Eria, kana muporofita

This sample page is for style and size guidance only and cannot accurately represent
the quality of the actual printed text. Your printout of this page may show text lighter
or heavier than in our actual Bibles depending on the printer used.
If printed actual size this bar should measure 10cm/100mm
If printed actual size this bar should measure 4"
The above image and setting is the property of the Trinitarian Bible Society.
This sample is reproduced for your personal use only—not for distribution.